

**KENBE
DAN PITIT OU
AN SANTE!**



**Ede evite dan ou gate
avèk mastik dan**



Dan gate (twou) kapab lakòz doulè epitou sa ka lakòz pwoblèm pou manje, pou pale, pou jwe epi pou aprann. **Mastik dantè** kapab anpeche twou yo fòme.



Kisa yon mastik dantè ye?

Yon mastik dantè se yon kouch blan mens dantis pase nan sifas mastikasyon molè yo (dan dèyè).

Manje ak jèm kapab kole nan fant fon molè yo, kote bwòs dan yo pa kapab rive. Mastik yo kouvri fant yo pou pwoteje dan yo kont jèm nuizib yo. Yo san danje epi yo efikas, epitou yo kapab dire anpil ane.

Kimoun ki ta dwe mete mastik dantè?

Dantis ta dwe evalye timoun yo pou mastik lè molè adilt yo rive – nan laj 5 a 7 ane pou premye molè pèmanan yo ak laj 11 a 13 zan pou dezyèm molè pèmanan yo.

Lòt gwoup laj yo ka jwenn avantaj nan mastik yo. Pale avèk yon dantis pou konnen sa ki pi bon pou pitit ou.

Pou jwenn yon dantis, oswa pou jwenn èd pou jwenn asirans ki pa koute chè oswa ki gratis, rele 311 oswa ale sou sitwèb [nyc.gov/health](https://www.nyc.gov/health) epi chèche **teeth.**

anvan

apre




Foto koutwazi NYU Department of Pediatric Dentistry

Kijan dantis yo pase mastik yo?

Aplikasyon mastik yo senp epi li pa bay doulè. Yon dantis oswa yon ijyenis dantè netwaye dan an epi li pase mastik la avèk yon bwòs. Kouch pwoteksyon an fòme imedyatman.

Kijan mwen kapab jwenn mastik pou pitit mwen?

Pifò konpayi asirans dan, tankou Medicaid ak Child Health Plus, garanti mastik pou pri ki ba oswa pou gratis. Kontakte dantis pitit ou, oswa rele konpayi asirans dan ou pou jwenn detay yo.

Rele nimewo 800-698-4543 pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou enskri pou asirans sante piblik oswa ale sou sitwèb nyc.gov/health epi chèche “dental provider” pou jwenn konpayi asirans dan ki pa koute chè ki toupre ou.



ABITID KI BON POU GEN BÈL DAN EPI POU RI AN SANTE

Si ou pratike bon abitid pou dan bonè sa kapab ede pitit ou pa gen dan gate.

- **Mennen timoun yo nan klinik dantis chak sis (6) mwa**, apati premye dan an epi anvan yo gen laj yon ane.
- **Bwose dan yo omwen de fwa pa jou** avèk yon pat dantifris ki gen fliyò. Pase fil dantè souvan.
- **Manje sa ki bon pou sante ou**. Limite manje sa ki lejè, sitou kolasyon ki gen anpil sik oswa fekilan, tankou soda, bonbon oswa sirèt.
- **Bwè dlo tiyo**. Fliyò ki nan dlo tiyo Vil New York ap ede kenbe dan timoun yo solid.



